

Tugire amahoro, Sangwa amahoro, Ubumwe, Ibikorwa, Iterambere, n'Ubutungane mu gihugu cacu c'Uburundi.

1. Munkundire imbere ya vyose dukurire ubwatsi Imana Mushoboravyose, umuremyi w'isi n'ijuru, Yo yaturemye mu gashusho kayo, ikaduha ubwenge n'ubumenyi bwo gutunganya imigambi iduteza imbere mu buzima bwacu n'abacu. Tuyikomere amashi tuyikengurukira.

2. Ni akanyamuneza ntangere kuri jewe, ko kuba kumwe n'abanyamitahe na mwebwe bakozi b'Ibanki y'Iterambere ry'Abakenyezi eka na mwebwe mwese mwitavye ibi birori, kuri uno musi w'igenekerezo rya 3 ntwarante umwaka w'2022, aho turamutse dutanguza icese ibikorwa vy'iyi banki y'iterambere ry'abakenyezi.

Ukuza kwanyu ni ikimenyetso kitabesha co gushigikirana muri uwu mugambi w'Igihugu, biboneka koko ko wari urindiranywe igishika.

- Banyakwubahwa mwese,
- Batumire bahire,

3. Iterambere ntirishoboka igihugu kitabigezemwo uruhara. Uyu mugambi wo gushiraho ibanki y'iterambere ry'Abakenyezi mu Burundi ushingiyeye kw'ihangiro rya Reta ryo gushira Abarundi bose ku kivi.

Aho tuboneye ko mu gihugu c'Uburundi hari imigwi ihambaye isa n'iyitibukwa mu bikorwa vy'iterambere ari yo igizwe n'abakenyezi n'urwaruka, uburongozi bw'igihugu bwafashe ingingo ihambaye yo guha akaryo n'amahirwe umukenyezi kugira ngo ntasigare inyuma mu kwiteza imbere no mu guterera mw'iterambere ry'Igihugu.

4. Twibutse kandi ko ako kigoro karaba cane cane imigambi y'iterambere itunganijwe n'abakenyezi, mu ntumbero yo kubaha umwidegemvyo wo kwitunganiriza bo nyene imigambi yabo.

Ni na ho haciye hafatwa ingingo yo gutanguza iyi Banki ijewe gutanga ingurane zigenewe gushigikira imigambi y'iterambere itunganijwe n'amashirahamwe canke n'amakoperative y'abakenyezi, eka mbere n'umugambi w'umw'umwe ku gatwe kiwe.

5. Vyongeye, ishingwa ry'iyi Banki y'Iterambere ry'Abakenyezi ryisunze itunganywa ry'iterambere ry'Igihugu (PND 2018-2027), aho igihugu cyemeje guha amahigwe angana mu bijanye n'ubutunzi hagati y'abagabo n'abakenyezi.

Iyi banki kandi ije mu mugambi uzotuma abakenyezi n'abigeme baronka umwidegemvyo mu kwitunganiriza ubutunzi.

Iyi Banki kandi yisunga ishigwa mu ngiro rya poritike y'Igihugu ijanye n'iterambere ridakumira (PNG 2012-2025) yo kuva mu mwaka w'2012 gushika mu mwaka w'2025.

- Ba Nyakwubahwa mwaje kuri uru rubanza;
- Ba Nyakwubahwa mujejwe ibikorwa vy'iyi banki;

6. Nagomba ndabashikirize ico turindiriyeye kuri iyi banki y'iterambere ry'abakenyezi.

Urwego nshingwabikorwa rw'iyi banki ni rubimenye kandi rubishire ku muzirikanyi ko iyi banki idasa n'izindi. Ni banki ije gutera intege canke gusatira iterambere ry'umukenyenzi Mu gutanga ingurane ku bakenyenzi n'abigeme, izokwisunga intumbero nyamukuru y'igihugu yanditswe muri iyo migambi ibiri twavuze.

Twipfuzaga kandi ko iyo banki irwiza ibikorwa kuri abo bigeme babuze aho bahera mu kwitunganiriza imigambi, maze bitunganirize ibikorwa bizobashikana kw'iterambere rirama.

7. Vyongeye iyi banki turizeye ko itazokora nk'izindi banki kuko baba abagize urwego nshingwantwari, baba abagize urwego nshingwabikorwa canke abayikoramwo nta n'umwe yashizemwo umutahe wiwe. Umutahe ni uw'abenegihugu, abo na bo mvuze ni abakozi babo. Ni yaba inyungu y'abenegihugu ari ukubaha ingurane, mwebwe muyikoramwo mumenye ko inyungu yanyu ari uko umugambi wabo uranguka, ukunguka bagasubiza ayo mahera kandi bakabandanya ibikorwa.

Ntimuze mwirukire inyungu y'amahera rero, murirukira inyungu ivuye mu mwimbu w'imigambi bazoba bariko bararanga.

Ni co gituma ndabamagarira guherekeza benimigambi kuko ni mwebwe muri incabwenge mw'iterambere, mutegerezwa kubamurikira.

8. Ntimuze kandi mubagaye ngo ntibazokwishura. Igihe havugwa ko abakenyenzi badashoboye hari kera.

Ndabasavye mubamperekereze gusa mu kubama hagufi kugira imigambi yabo yunguke kuko bungutse muzoba mwungutse, bahomvya naho mwoba muhomvye.

9. Uwu mutahe tubahaye mumenye, ntimube nk'umwe baha italenta akayihamba musu y'urujo. Ayo mahera ni muyarondeze abakenyenzi b'abanyamigambi, mbere bibaye ngombwa mubereke mwebwe nyene imigambi ibangutse ibasama hakiri kare bataracumukura. Muheze mubereke ingene bayakamisha umusaruro. Ntimuze mwugarane uwuje abagana ngo amasaha yo kuruhuka arageze, nimuhindure ibintu, mukore atagutanguranywa n'amasaha y'akaruhuko canke gutaha.

10. Nagira kandi nibutse ko iyi banki y'abakenyenzi, ibaye ibanki ya kabiri ivutse mu ntumbero yo gufata mu mugongo imirwi y'abenegihugu itahora yitaweho kera, inyuma y'iyugururwa ry'ibanki y'Urwaruka.

Ni co gituma n'abarongozi b'ibanki y'iterambere ry'urwaruka ndabatera ako kamo ko kwerekana imigambi irashe, myiza ituma umuntu yunguka akikurako umwenda kare.

Turizeye ko urwaruka ruja ruri ku kivi, kandi ko murufata mu mugongo.

11. Ku ma banki yose muri rusangi, tubamagarira kumenya kudandaza amahera, kubera uno musu turabona ko ari abanyamigambi bazembagira kandi bari abami banyu, ubu haraje ihiganwa, muhaguruke atawusigaye inyuma.

- Banyakwubahwa mwese,
- Batumire bahire,

12. Turararitse abakenyezi bose rero ngo ntibacikwe n’aka karyo keza bahawe kugira baje mu mashirahamwe n’amakoperative, maze baze baronke vyoroshe ubufasha bw’iyi banki yabitiriwe. Iyi banki ni rwanyu, yifate nka rwanyu.

Ariko mumenye ko batazobaha amahera yo guhombesha. Uko muzozza murasubiza niko abandi na bo bazoronka. Ni mwahomba naho murumva ko muzoba muhombeje igihugu; kandi ni co kizobishuza.

Murakore rero mwivuye inyuma kugira muri kazoza baze babaceko umugani bati: “Harabaye abakenyezi b’abahizi”, batumye Uburundi butera imbere.

13. Ni mwagira ubwoba naho ntimukoreshe ayo mahera, muramenya ko hari abagabo ryahiye, bazoyikoreshereza.

Nimubimenye ko, naho iyi banki yitiriwe gufata mu mugongo imigambi y’abakenyezi, n’abandi baremerewe kwugururayo ububiko. Kandi uko bemerewe kubikamwo ni ko bemerewe kwaka ingurane iyo bafise imigambi irashe yoturwa ibanki kuko biri muri ya ntumbero nyene ya wa mugambi wa Reta w’iterambere ridakumira.

Erega na mwebwe bakenyezi, murategerezwa gukwegakwega abugurura ububiko kugira iyo banki itere imbere.

- Banyakwubahwa mwese,
- Batumire bahire,

14. Imbere yo gusozera nipfujye kuvunira akagohe abazoronka akazi muri iyi banki, ndetse n’abagatanguye, ngo bazokore nk’abikorera, birinde akaboko, batunganirize abazozza babagana mu burwaneza, bamenye ko bategerezwa kubafata nk’abakwe kuko bariko babafasha kwungukisha ayo mafaranga.

Ndabisubiyemwo, imigambi itazoba irobanuwe ntimuzoce muhebuza abatayikoze neza, ahubwo mubereke aho bategerezwa kugorora, kugira ngo bazogaruke batunganirizwa badatamye.

15. Twashaka kandi dutange impanuro zokwisungwa kugira ngo iyi banki izotunganirize abakenyezi badatamye:

➤ Abakenyezi mwese musabwa gukorera mu mashirahamwe canke mu makoperative, maze mutunganye neza imigambi mushikiriza mu gusaba ingurane; mumenye ko umugambi wizwe nabi ushobora gusubiza nyenewo mw’ihumbi kandi ategerezwa kwishura ingurane ya banki.

➤ Aka karyo muronse ntimugapfise ubusa, igihambaye ni ukwiga neza umugambi; ku batabishoboye barondere ababafasha, ntihagire abagitinya gukorana n’amabanki ngo yogurisha ivyabo, iyo uri umukozi bigenda neza.

16. Ni ngaha nyene Ndangirije nsubira gukengurukira abashitse ngaha, nkeza abagize ibisata bitandukanye vy’igihugu, bakoze batiziganya kuri uno mugambi utoroshe ariko kandi twitezeko ivyamwa vyinshi.

Ndashimiye n’uwo wese yagize ico aterera kugira iki gikorwa kigende neza.

17. Ni kuri ayo majambo yo gushima duherejeko, twemeza ku mugaragaro iyugururwa ry'iyi Banki yahariwe Iterambere ry'Abakenyezi mu Burundi, BIDF mu mpfunyapfunyo,

NIHARAMBE ITERANBERE RIDAKUMIRA  
NIHARAMBE IBANKI IJE GUFATA MU MUGONGO UМУKENYEZI,  
IMANA IBAHEZAGIRE.  
MURAKOZE.